

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang

Sababaraha mangsa ka tukang, wanoja dianggap jalma nu héngkér jeung émosional. Héngkér di dieu bisa dina fisik, psikis, ekonomi, sosial, atawa kalungguhan. Ieu hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Nafsin jeung Mifta (dina Arzona, 2013, kc. 104) yén wanoja hirup di tengah-tengah pasualan nu ruwet, éta pasualan ngabalukarkeun leungitna kasaimbangan, nu tuluy wanoja ngalaman guligah rungsing dina dirina, nu antukna mangaruhan kana citra wanojana. Salian ti nyanghareupan pasualan nu karandapan, harita wanoja ogé réa diapilainkeun dina kalungguhan jeung ékonomi nu dicangking. Éta hal téh, sakumaha diébréhkeun ku Djajanegara yén dina widang ekonomi sabagian lapangan pagawéan ditutup pikeun wanoja kitu deui dina widang sosial hak-hak wanoja kawatesanan (Djajanegara, 2000, kc 6). Baheula mah, wanoja teu dibéré kasempetan pikeun nyangking atikan nu luhur, jeung miboga kalungguhan-kalungguhan nu tangtu atawa neuleuman profési-profési nu tangtu. Padahal enasna mah wanoja miboga hak pikeun sarua jeung kaum lalaki boh éta dina ékonomi nu dicangkingna, kalungguhan, jeung atikanna nu luhur, boh dina cara wanoja nyanghareupan jeung matotoskeun pasualan nu karandapanna. Ku kituna, ieu pasualan téh penting pikeun ditalungtik sarta diébréhkeun dina ulikan féminismé.

Novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman salah sahiji novel nu nyaritakeun kahirupan wanoja. Citakan kahiji diterbitkeun ku Pustaka Jaya Bandung taun 2013. Ieu novel nyaritakeun kaayaan hiji kukawarga nu keur ngarandapan hiji pasulan dina rumah tanggana. Pasulan anu karandapan ngeunaan salaki anu salingkuh nu nepikeun pamajikanna menta tulung ka psikolog keur matotoskeun pasualanna. Tina novél ieu kagambar ayana perjoangan hiji wanoja dina nyanghareupan kahirupanna hususna dina pasualana rumah tanggana. Kituna

dina ieu novél némbongkeun citra-citra wanoja nu perlu dipaluruh jeung ditalungtik, sabab dina novél ieu can kadéskripsikeun palebah citra wanojana.

H.D. Bastaman lahir di Padahérang (Kabupatén Pangandaran kiwari). Putra bungsu ti salapan sadulur. Ti bubudak resep lalajo wayang, nepi ka kungsi boga cita-cita jadi dalang. Salian ti éta, karesepna kana ngahariring jeung tulas-tulis. Mimiti nyuprih pangarti di Sakola Rakyat di Padahérang nepi ka kelas 3, tuluy pindah ka SR Percobaan jalan Sabang, Bandung, nepi ka lulus. Sakolana dituluykeun ka SMP Negeri 2 jeung SMA C Negeri 5 Bandung, ti dinya, tuluy kuliah di Fakultas Hukum Universitas Padjajaran tapi teu cacap. H.D. Bastaman kuliah sarjana nepi ka doktoralna ditamatkeun di Fakultas Psikologi Universitas Indonesia. Buku nu medal tur jadi bahan référénsi salila gawé di Universitas Indonesia nyaéta *Integrasi Psikologi dengan Islam* (1995), karya nu medal dina basa Sunda di antarana aya *Sura Seuri Sunda* (2004), *Béntang Tembang* (2011), *Kabungbulengan* (2013), *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* (2016), *Absurd* (2018), *Nganjang ka Pagéto* (2019)

Hirup kumbuh jeung mekarna karya sastra teu leupas tina carita kahirupan sapopoé jeung pangalaman pangarangna. Sakumaha nu ditétélakeun ku Isnéndés (2010, kc. 10) yén sastra mangrupa prosés kréatif nu taya lian ti mangrupa imajinasi pangarang dina ngagelarkeun karyana. Salian ti imajinasi, sastra ogé nyaritakeun kajadian nurutkeun pangalaman, boh pangalaman nu karandapan ku pangarang boh pangalaman nu katinggali ku pangarang. Ku kituna, kahirupan manusa téh réa dijadikeun inspirasi pangarang pikeun nulis hiji karya sastra. Karya sastra mangrupa média anu digunakeun pangarang pikeun ngébréhkeun gagasan-gagasan jeung pangalaman. Karya sastra mangrupa wangun kréativitas dina basa anu éndah eusina pangalaman nu asalna tina puseur panitén réalitas sosial pangarang (Wicaksono, dina Andriani, 2019, kc. 53).

Karya sastra dibagi jadi tilu bagian, nyaéta puisi, prosa, jeung drama. Dina karya sastra, anu ka golong kana prosa nyaéta roman, novel, novelét, jeung carpon. Novel téh kaasup karya sastra nu gelarna anyar tur kaasup wangun prosa. Dina *Encyclopedia Americana* (Koswara, 2010, kc. 6) ditétélakeun yén sacara étimologis kecap novel asalna tina basa latin “*novellus*”, asal kecapna “*novus*” nu hartina anyar. Ku kituna, éta istilah digunakeun dina fiksi nu hartina hiji carita

anyar. Tarigan (dina (Pradanti spk., 2024, kc. 2) nétélakeun yén novel nyaéta hiji carita nu miboga galur anu panjang dina hiji buku nu mangrupa carita imajinatif dina kahirupan tokoh nu aya dina éta carita.

Waktu novel ditalungtik salian ti féminismé jihat séjénna nyaéta struktural. Koswara (2012, kc. 12) ngébréhkeun sacara étimologis, struktural asal kecapna “struktur” hartina nyaéta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*éléments*). Éta kaitanna téh saéstuna nu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban nu ditalungtik. Sakumaha nu dipedar ku Isnendes, (2018, kc. 74) yén tiori struktural nyaéta anggapan kana karya sastra nu miboga sifat anu otonom, hartina, kumaha maham kana hiji karya nu ngawangun karya éta sorangan. Ku kituna, panalungtikan ieu téh maké tiori struktural Wellek jeung Warren pikeun medar unsur intrinsikna, nu ngawengku téma, galur, panokohan, latar, puseur implengan, jeung gaya basa.

Pamarekan atawa tiori nu raket jeung pasualan wanoja nyaéta tiori féminisme. Humm (dina Isnendes, 2017, kc. 7) ngébréhkeun yén féminismé nyaéta idéologi ngabébaskeun ku kayakinan wanoja dina kateuadilan. Moeliono, spk (dina Sugihastuti, 2002, kc. 61) ngébréhkeun yén féminismé mangrupa gerakan wanoja nu nungtut *kesetaraan* antara kaum wanoja jeung lalaki. *Kesetaraan* éta ngawengku aspék kahirupan, boh di widang politik, ékonomi, jeung sosial budaya.

Isu-isu féminismé jeung pasualan ngeunaan *gender* masih kénéh jadi bahasan nu haneut di dunya, kaasup masarakat Indonésia. Pasualan ngeunaan *gender* tuluy robah ti jaman ka jaman. Di Indonesian féminisme mimitina di éra émansipasi anu dilalakonan ku RA. Kartini, anu nepikeun ka kiwari masih kénéh ngaguar ngeunaan pasualan *kesetaraan gender*. Kasang tukang ayana hal ieu téh dumasar kana ayana rasa teu adil anu dirasakeun ku wanoja. Dina abad ka-20 Kartini ngébréhkeun yén pentingna *kesetaraan* antara kaum lalaki jeung wanoja dina widang atikan jeung pakasaban (Sofiatin, spk., 2023, kc. 1).

Salah sahiji fénoména wanoja dina karya sastra hususna féminismé biasa disebut citra wanoja. Citra hartina gambaran atawa ciri has, nu disebut citra wanoja nyaéta mangrupa gambaran atawa ciri has wanoja. Watesan wangenan citra wanoja nyaéta minangka sakabéh wujud gambaran méntal, spiritual, jeung

paripolah sapopoé wanoja, boh éta citra diri nu ngawengku fisik jeung psikis, boh citra dina aspék sosial nu ngawengku dua peran nyaéta peran di kulawarga jeung peran di masarakat (Arzona, spk. 2013, kc. 105). Djajanegara (dina Sofiatin spk, 2003, kc. 3) nétélakeun yén citra wanoja nu diciptakeun ku pangarang umumna nempokeun kaayaan kaum wanoja dina hiji karya sastra, atawa mangrupa pangalaman batin pangarang nu nyiptakeun idéologis féminis dina hiji karya nu geus dijieun.

Salah saurang pangarang nu nyaritakeun ngeunaan féminismé hususna citra wanoja nyaéta Aam Amilia, sawatara karya sastrana loba nyaritakeun ngeunaan kahirupan wanoja contona dina *Puputon*. Chye Rétty Isnéndés ogé kaasup pangarang anu dina karyana nyaritakeun kaum wanoja, conto karyana carpon *Dua Wanoja*. Aam Amilia jeung Chye Rétty Isnéndés kaasup kana Paguyuban sastrawati Sunda (Patrem). Salian ti pangarang wanoja, aya sawatara pangarang lalaki nu karyana nyaritakeun ngeunaan kahirupan wanoja, di antarana Abdullah Mustafa, Ajip Rosidi, Tatang Sumarsono dina novel *Galuring Gending*, H.D. Bastaman contona dina novel *Kabungbulengan*

Panalungtikan ngeunaan hirup kumbuh manusa teu salilana kudu dilaksanakeun sacara langsung dina kahirupan masarakat, tapi bisa ogé ku ngaguar hiji karya sastra, lantaran jadinya hiji karya sastra téh teu bisa leupas tina kahirupan nu lumangsung jeung dirandapan ku pangarangna. Antukna datang gagasan panalungtik pikeun ngaguar jeung nalungtik citra wanoja anu aya dina hiji karya sastra. Anapon karya anu jadi objék panalungtikan nyaéta novél *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman, lantaran tokoh dina novel *Kabungbulengan* aya pasualan rumah tangga ngeunaan kalakuan midua, dina ieu novel nyangkaruk ajén moral manusa anu kawilang goréng, ku sabab ngalakukeun hal nu ngayeurikeun hiji jalma, tapi, dina hal éta bisa jadi pieunteungeun pikeun manusa sangkan teu ngalakukeun hal nu sarua. Ajén-ajén séjénna aya patalina jeung kaimanan kumaha iman jadi laku lampah manusa dina kahirupan sapopoé. Midua mangrupa salah sahiji tingkah laku manusa anu teu dipikaresep ku Allah SWT. Ieu tingkah laku kaasup kana hal nu dipahing dina agama Islam, ku sabab asup kana zinah.

Panalungtikan saméméhna anu patali jeung citra wanoja di antarana nyaéta (1) "Suara Perempuan dalam Novel Sunda *Puputon' Buah Hati'* Karya Aam Amilia" nu ditulis Retty Isnéndés taun 2004, (2) "Karakteristik Perempuan Sunda dalam Naskah *Wawacan Paranata Istri ka Carogé* (Kajian Filologi dan Strukturalisme)" nu ditulis ku Kuswan Nurhidayat taun 2016, (3) "Citra Perempuan Jawa dalam Novel *Sinden Karya Rahyuningsih* (Kajian Féminisme Liberal)" nu ditulis ku Nur Fitriani, spk taun 2017, (4) "Citra Perempuan dalam Novel *Kala Karya Stefani Bella dan Syahid Muhammad*" nu ditulis ku Hanif Ivo Khusri Wardani & Rina Ratih taun 2020", 5) "Citra Perempuan dalam Novel *"Tentang Kamu Karya Tere Liye"* nu ditulis ku Nurliana, spk taun 2021, (6) "Novel-novel nu medal taun 2013 (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)" nu ditulis ku D. Nurfajrin Ningsih taun 2014, (7) "Citra jeung Stéréotip Wanoja dina Novel *Marjanah* Karangan Djojopuspito (Ulukan Struktural jeung féminisme)" nu ditulis ku Tsany Nurfajriani taun 2018, (8) "Citra Wanoja dina Roman Pondok *Pileuleuyan* Karya Yus Rusamsi (Ulukan Struktural jeung féminisme)" nu ditulis ku Kaffa Kupita Robby taun 2020, (9) "Citra Wanoja Sunda dina Novel *Kembang-Kembang Anten* Karya Aam Amilia (Ulukan Struktural jeung féminisme)" nu ditulis ku Rifa Nurlaili Rahmah taun 2020, (10) "Babandingan Citra Wanoja dina novel *Puputon* Karya Aam Amilia jeung Novel *Surga yang Tak Dirindukan* Karya Asma Nadia (Ulukan Struktural jeung Féminisme)" nu ditulis ku Laxmidiah Sekar Ayuni Zulfikar taun 2021, (11) "Citra Wanoja dina Novel *Kembang nu Dipitineung* Karya Tety S. Nataprawira (Ulukan Struktural jeung Féminisme)" nu ditulis ku Malinda Ratnapuri taun 2023, (12) "Citra Wanoja dina Novel *Sagayang Jacaranda* Karya Risnawati Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA (Ulukan Struktural jeung Féminisme)" nu ditulis ku Padia Hanida taun 2023, 7) " .

Novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman kungsi ditalungtik ngeunaan struktural jeung psikologi sastra nu judulna "Novel-novel nu medal taun 2013 (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)" nu ditulis ku D. Ningsih. Fajriani taun 2015). Sanajan kitu, ngeunaan citra wanoja nu aya dina éta novel can kaguar. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacanna nyaéta dina strukturalna ngagunakeun tiori Wellek jeung Warren ogé ngaguar ngeunaan citra wanoja nu

aya dina novel. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan "Citra Wanoja dina Novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman (Ulukan Struktural jeung Féminismé)".

1.2 Rumusan Masalah

Sabada diidéntifikasi, aya sababaraha masalah nu baris ditalungtik, nyaéta kieu.

- 1) Kumaha unsur intrinsik dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman numutkeun tiori Wellek jeung Warren?
- 2) Kumaha citra wanoja dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Anapon tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh masarakat kana sastra dina wangun prosa hususna novel. Ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh pamaca dina aspék struktural, féminisme ogé citra wanoja nu aya dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman

1.3.2 Tujuan Husus

Saluyu jeung kasang tukang, tujuan husus nu bakal dihontal dina ieu panalungtikan aya dua, nyaéta:

- 1) unsur intrinsik dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman numutkeun Rene Wallek jeung Austin Warren;
- 2) citra wanoja dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Anapon mangpaat dina ieu panalungtikan, ngawenhku dua aspék nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangaweruh pikeun nu maca husus na dina karya sastra Sunda wangun prosa, ogé dijadikeun salah sahiji rujukan pikeun panalungtikan séjén nu leuwih jembar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweuh pikeun masarakat jeung nu maca ngeunaan karya sastra hususna dina wangun prosa, nambahan pangaweruh dina unsur intrinsik, féminismé, jeung citra wanoja dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu panalungtikan ngawengku lima bab. Anapon lima bab éta baris dipedar saperti kieu:

Bab I bubuka, eusina medar kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori, eusina ngawengku tiori karya sastra ,struktural, unsur intrinsik, novel, féminismé jeung citra wanoja

Bab III métode panalungtikan, dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV hasil jeung pedaran, medar déskripsi, prak-prakan panalungtikam ngeunaan struktural jeung féminisme dina novel *Kabungbulengan* karya H.D.Bastaman.

Bab V kacindekan implikasi jeung rékoméndasi, dina ieu bab panalungtik nepikeun kacindekkan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun nu hasilna dipiharep bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna.